

RIWAYAT DHUSUN KALIKUDI

Dumadosipun Dhusun Kalikudi



Kaseratipun dening pangimpun:

Kasiman Iman Santosa

Dipun-ketik malih dening:

Wahyu Setiyono



ATAP Kalikudi
Adat Tradisi Anak Putu

RIWAYAT DUMADOSIPIN DHUSUN KALIKUDI

BABAD WANA

Manut cariyos saha dedongan para sepuh lan pini – sepuh, dhusun Kalikudi punika wonten riwayatipun kados kasebat ing ngandhap punika.

Duk ing nguni wonten satunggaling priyantun (tiyang) naminipun RANGGA TAHUN asal saking Mataram, maguru dhateng Kyai PURBASARI ing dhusun Dhaon Lumbang (Cilacap). Dene Kyai Purbasari punika juru kunci SEKAR WIJAYAKUSUMA ing pulo Nusakambangan.

Kyai Purbasari kagungan putra estri ingkang lajeng kadhaupan kaliyan Rangga Tahun, peputra kalih ingkang kaparing asma: CAKRAPAJA (ingkang sepuh), lan RANGGA KUSUMA (ingkang anem)

Rangga Kusuma sasampunipun ndungkap wanci diwasa, lajeng kadhaupaken kaliyan putra estrinipun Kyai NAYADIPA, Demang ing dhusun Buntan. Sasampunipun palakrama, Rangga Kusuma lajeng genton nami DITAKERTA, ingkang lajeng katelah asma Kyai DITAKERTA lan manggong ind dhusun Kademangan Adiraja.

Ing atesipun manungsa ingkang gadhah raos tanggel-jawab, murih putra wayahipun turun – temurun saged lestantun gesang. Mila Kyai Ditakerta lajeng mbudidaya sagedipun gadhah pasiten pinangka dados papan bebadra (manggon), lan papan pangupajiwa kangge nyekapi kabetahan gesangipun.

Kyai Ditakerta mengertos bilih ing wewengkon Kademangan Adiraja sisih ler taksih wujud wana. Pramila Kyai Ditakerta lajeng mlebet ing wana wau ngaperlu badhe babad wana (trukah), ing pangajab sagede ing tembe sagedo kangge bebadra lan dados papan pangujiwa putra wayah saturun – temurunipun.

Ing wekdal kyai Ditakerta babad wana, awit saking rekaosing lampah lan radi sawatawis tebih, mila Kyai Ditakerta awis – awis wangsul dhateng geriyaniipun ing dhusun Adiraja. Kangge papan leren lan tilem menawi kaleres boten wangsul, mila Kyai Ditakerta lajeng yasa gubug. Inggih ing gubug punika Kyai Ditakerta madhepokan. Ngantos sapunika papan wau kawastanan DHEPOK.

Ing sacelaking gubug padhepokan wonten BEJI dumunung ing sangandhaping kajeng KETOS, toyanipun bening sanget, nunten beji lajeng karimat, toyanipun kangge kabetahan padintenan. Beji punika lajeng kawastanan SUMUR KETOS.

DHEPOK lan SUMUR KETOS ngartos sapunika kaanggep dados papan ingkang kramat utawi wingit lan suci dening putra wayah turunipun Kyai Ditakerta ingkang purwaka dhusun,

limrah kawastanan CIKAL BAKAL.

Saya dangu (lami) kyai Ditakerta anggenipun babad wana saya tebih saking padhepokanipun. Mila lajeng yasa papan kangge ngaso sawatawis, menawi kaleres kendel saking anggenipun nyambut damel. Papan palerenan ingkang makaten punika wau wonten 3 (tigang) panggenan, inggih punika:

1. Kedhawung wonten ing grumbul Semingkir
2. Krapyak wonten ing grumbul Peturusan
3. Ketanggung wonten ing grumbul Pejaten

Papan tigang panggenan punika ugi kaanggep papan ingkang kramat lan suci dening tedhak turunipun CIKAL BAKAL.

Jembaripun laladan trukahanipun Kyai Ditakerta anglimputi grumbul – grumbul utawi dhukuh – dhukuh : Desa, Semingkir, Pedudutan, Pejaten, Peturusan, Glempang, Dopleng lor, Kalijaran, Klapagada, lan Gumbril. Nanging ing wekdal sapunika dhusun Kalikudi boten mengkon sedaya grumbul ingkang kasebat ing ngajeng, awit saking wontenipun besetan dhusun awit dene saking wontenipun tata-praja ingkang nata lan netepaken jembaring laladan dhusun.

Ing Wekdal sapunika grumbul – grumbul ingkang taksih dados wewengkoning dhusun Kalikudi, inggih punika : Desa, Semingkir, Pedudutan, Pejaten, Peturusan lan Glempang. Nanging dhusun Kalikudi lajeng pikantuk tambahan grumbul Klapagadhing lan Kalipomahan ingkang suwau kalebet wewengkon dhusun Penggalang. Ing wingking badhe katrangaken sawatawis asalipun kalih grumbul tambahan punika.

Dene grumbul ingkang lajeng dados wewengkonipun dhusun sanes inggih punika:

1. Grumbul Dopleng Lor melebet wewengkon Dopleng
2. Grumbul Kalijaran madeg dados dhusun piyambak
3. Grumbul Klapagada lan Gumbril kalebet wewengkon dhusun Maos Kidul.

Gandheng pasiten laladan trukahipun Kyai Ditakerta pranyata raja, pramila lajeng kathah tiyang ingkang sami ndherek bebadara lan babad wana, satemah dangu trukahan wau dados wengkonipun dhusun Adiraja. Kangge mranata laladan trukahan lan njagi katentremaning para parencangan, Kyai Ditakerta lajeng dipun dadosaken sesepuh, pinangka wakilipun Demang Adiraja ingkang tinanggenah angesuhi laladan trukahipun, jalaran dunungipun laladan trukahan wau tebih saking pusering Paprentahan Kademangan Adiraja.

Kangge ngrembag prantan ing laladan trukahan wau tartemtu mbetahaken papan panggenan, pramila Kyai Ditakerta lajeng yasa griya kangge papan pasamuwan utawi papan sarasehan. Ngantos sapunika griya pasamuwan taksih wonten, nanging boten kangge papan parenatan dhusun malih, namung kangge ngrembag limpahing adat tata cara warga dhusun.

TATA CARA ADAT DHUSUN KALIKUDI

Ing ngajeng sampun kapratelakaken bilih Kyai Ditakerta yasa griya pasamuwan ingkang kadadosaken papan sarasehan ngrembag prenatal ing wewengkonipun. Kyai Ditakerta tinanggenah dados sesepuh. Gandheng Kyai Ditakerta sampun ngrumaosi yuswa sepuh, mila lajeng njunjung (ngangkat) putranipun ingkang nami KERTAPADA dados Kunci Pasamuwan, salajengipun ketelah asma Kyai Kertapada.

Ing salajengipun ingkang nglenggahi kalenggahan Kunci kedah turunipun (putranipun), dados kalenggahan Kunci punika turun – temurun.

Adat ingkang kedah dipun rukti utawi dipun rimat sarta dipun leluri inggih punika:

1. LASUHAN

Menawi sampun ngancik ing mangsa rendheng, para among tani saderengipun miwiti nggarap sabin, kedah ngawontenaken wilujengan (slametan / kendhuri) langkung rumiyin memperkaliyan adatipun para misaya mina ing seganten. Wilujengan punika mapan wonten ing GANDHI DHEPOK saha dipun esuhi dening KUNCI DHEPOK. Tembung candhi ing ngriki papan ingkang dipun anggep suci, wujudipun tilas padhepekahipun CIKAL BAKAL.

2. SEDHEKAH BUMI

Inkang kawastanan SEDHEKAH BUMI punika wilujengan/kendhuri ingkang kaleksanakaken setahun sepisan, sesampunipun panen. Supados dhawahing wekdal sedhekah bumi punika ajeng ing wulan saben tahunipun, mila manut jiliding rembag ing sarasehan kadhawahaken ing wulan APIT utawi DZULKALAH, mapan ing candhi DHEPOK lan dipun esuhi dening Kyai Kunci DHEPOK.

3. RESIK KUBUR (ZIARAH)

Resik kubur punika katindakaken selapanan dinten sepisan dhawah ing dinten KEMIS WAGE, dipun esuhi dening KUNCI PASAMUWAN. Sasampunipun resik kubur ing malem JUMUWAH KLIWON ngawontenaken wilujengan sasarengan mapan ing PASAMUWAN.

4. NYADRAN

Ing wulan Sadran (Ruwah = Arwah) putra wayah lan warga dhusun sami ngawontenaken wilujengan (kendhuri) NYADRAN. Tumrap putra wayah ingkang sami ngenut pranatan Pasamuwan anggenipun ngawontenaken wilujengan/kendhuri kadhawahaken ing dinten JUMUWAH ingkang pungkasan ing wulan punika.

Dene tumrap putra wayah ingkang boten sami ngenut adat Pasamuwan, anggenipun wilujengan/kendhuri nyadran kadhawahaken ing dinten Jumuwah wiwit tanggal 1 dumugi tanggal 15 wulan punika, utaminipun putra wayah R.M. SETROWADONO.

5. PUNGGAHAN

Inggang dipun maksudaken punggahan inggih punika RESIK KUBUR inggang katindakaken ing akhiring wulan Sadran (Ruwah). Sabageyan putra wayah sami resik kubur ing dhusunipun piyambak, sabageyan malih wonten inggang dhateng PAKUNCEN, Jatilawang. Ugi sami ziarah resik kubur lan ngawontenaken wilujengan manut adat PASEMUWAN kawastanan: WUKON AGENG.

6. PUDHUNAN

Pudhunan inggang punika ziarah resik kubur inggang katindakaken ing salebeting wulan SYAWAL, sasampunipun PASA dinten saking riyadi bakda 1 Syawal, dhawah ing dinten JUMUWAH. Sabageyan putra wayah sami dhateng Dhaon Lumbang – Cilacap, sabageyan sami resik kubur ing dhusunipun piyambak, ndalunipun mentas resik kubur sami ngawontenaken kendhuri wilujengan, ugi kasebat: WUKON AGENG.

7. WUKON

Tumraping putra wayah inggang sami ngenut adat Pasemuwan sami ngawontenaken pengetan dinten wiyosanipun KUNCI PASEMUWAN. Inggang dipun pengeti punika wiyosanipun KUNCI PASEMUWAN inggang sepisan saking Pasemuwanipun piyambak – piyambak.

- Pasamuwan Ler, dhawah ing dinten KEMIS LEGI tumrap putra wayah Kyai Kertapada.
- Pasamuwan Kidul, dhawah ing dinten SENEN PAHING tumrap putra wayah Kyai Purwagama.

Wukon punika kasebat: WUKON ALIT.

8. SOWAN

Tumrap putra wayah inggang sami gadhah damel (khajatan) mantu, sepitan lan sanesipun inggang kaanggep wigatos, kawajibaken sami sowan dhateng kuburipun CIKAL BAKAL lan DHEPOK, sumawona dhateng kuburipun para leluhuripun piyambak saperlu resik lan nyekar.

9. NALAS PATINING DHUSUN

Tumrap putra wayah lan warga dhusun dipun awisi, boten kenging ngawontenaken khajatan, ngedegaken griya lan sanesipun inggang kaanggep wigatos ing dinten SENEN PON awit dinten punika dinten sedanipun CIKAL BAKAL KALIKUDI.

Mekaten menggah kawontenanipun adat ing dhusun Kalikudi inggang taksihipun uri – uri lan katindakaken dening putra wayah saha warga dhusun inggang taksih sami mituhu dhateng adat Pasamuwan inggang wujudaken warisan saking CIKAL BAKAL, inggang sampun kajunjung dados SESEPUH ing laladan trukahanipun pinangka wakilipun Demang Adiraja kangge mranata lan njagi katentraman laladan trukahan.

DADOSIPUN DHUSUN KALIKUDI

Kados ingkang sampun kapratelakaken ing ngajeng, bilih Kyai Ditakerta anggenipun tetrukah babad wana ing pangajab kenginga kangge bebadra (manggon) lan dados papan pangujiwa putra wayah saturun – temurunipun. Sanajan Kyai Ditakerta punika babad wana, nanging wana punika wonten ingkang ndarbeni (gadhah), inggih punika Pamarentah utawi Nagari. Sampun tartemtu rumiyin nyuwunpalilah dhateng ingkang nguwaosi, kasebat CIKAL BAKAL inggih panjenenganipun Kyai Ditakerta. Boten nama mekal menawi Cikal Bakal anggenipun tetrukah punika sasarengan kaliyan putra saha kulawarganipun.

Sareng trukah sampun sawatawis jembar lan pranyata pasitenipun roja (subur), sampun tartemtu bab punika lajeng kapireng ing kathah. Pramila lajeng wonten parencangan neneka sami dherek tetrukah. Sawatawis parencangan ingkang sami dherek babad wana tartemtu wonten ingkang ageng labuh labetipun, pramila perlu dipun – wuningani, antawasipun:

1. Kyai Bansadinaya, asal saking Petanahan (Kranganyar), lajeng dipun pendhet mantu dening Kyai Kertapada, kaangsalaken putra mbajeng.
2. Kyai Jayaguna, asal saking dhusun Kitiran, Tlahab – Banyumas, kapundhut mantu dening Kyai Danasari (wayah Cikal Bakal)
3. Kyai Anggentaka, asal saking laladan (daerah) Purbalingga
4. R.M. Setrowadono, asal saking Mataram saha rencangipun 3:
 1. Kyai Citradinaya
 2. R. Setroyudo
 3. Buyut Brajageni

Sanajan laladan (dhaerah) trukahan punika jembar lan kathah pawenganipun (penduduk), ewasemanten dereng madeg dados dhusun ingkang gadhah pamarentahan lan lurah piyambak, nanging taksih tetep dados laladan wewengkon Kademangan Adiraja. Ingkang mranta lan njagi katentraman laladan trukahan taksih kaprasahaken dhateng SESEPUH, ingkang salajengipun dados Juru Kunci Pasemuwan. Cara prantan makaten punika sampun katindakaken wiwit Cikal Bakal ngantos dumugi wayahaipun, inggih punika Kyai Danasari.

Sabibaripun paprangan antawisipun Demang Adiraja lumawen Tumenggung Babakan wonten ewah – ewahan tata praja. Kademangan ing kilen Bengawan Adiraja inggih punika Kademangan Adiraja, Bunton lan Penggalang kasuwak, kadadosaken Katumenggungan. Dene ingkang ngasta dados Tumenggung asmanipun KERTAPRAJA lenggahipun wonten ing Adiraja, asal saking Banyumas.

Laladan Katumenggungan Adiraja kabaga dados dhusun – dhusun utawa Kalurahan ingkang gadhah pamarentahan lan lurah piyambak. Ing wekdal punika Kyai Danasari katimbangan sowan dhateng katumenggungan Adiraja, kadhawuhan dados Lurah ing laladan trukahanipun, nanging

boten kersa (purun).

Gandheng Kyai Danasari rumaos sampun yuswa sepuh, mila ngajengaken panyuwun supados ingkang kajunjung lan katetepaken dados lurah inggih punika keponakanipun ingkang nami BANGSACANDRA. Panyuwunipun katampi, kyai Bangsacandra katetepaken dados lurah kapisan ing dhusun Kalikudi.

Dhusun Kalikudi katetepaken mengkonni grumbul: Desa, Semingkir, Padudutan, Pejaten, Peturusan, Glempang lan pikantuk grumbul Klapagadhing lan Kalipomahan ingkang wau kalebet wewengkon Kademangan Penggalang.

Duk ing nguni wonten satunggalipun tiyang nami NAYADIPA asal saking Dwarawati (Kebumen). Nglarahi sadherekipun nami Kyai Dipakarya manggen ing Karangkemiri. Kyai Nayadipa remen nginggah kambangan. Anggenipun angen kembangan dangu – dangu dumugi ing rawa sacelaking wana. Sinambi angen kambangan, Kyai Nayadipa babad wana, ing pangajab badhe kangge bebadra lan dados papan pangupajiwa. Turkahanipun nglimputi Klapagadhing lan Kalipomahan.

Nuju sawijining dinten Kyai Nayadipa katemper wonten ing wit wringin, lajeng sakit. Kaleres semahipun nusul, sareng pinanggih lajeng dipun jampeni, mawa sarana kasembelehan ayam babon kagodhog mawi gendhis, pitulung saged mantun.

Ing grumbul Klapagading wonten witipun wringin miturut dongenganipun para sepuh lan pinisepuh, ing wringin punika tilas padhepokanipun Mbah Bandhayuda lan Mbah Wanaroba ing Karangkemiri. Wringin wau lajeng kakrapyak lan dipun kapundhi dening anak – putu Kyai Nayadipa.

Kyai Nayadipa gadhah keponakan nami Kyai Sidakaya ngedegaken ebeg kabantu Kyai Wiryadipa. Sasedanipun Kyai Sidakaya, ebeg keterosakaen dening Mbah Kramadireja lan salajengipun katerasakane dening Wiryantama ngantos sumangke.

Manut geteking cariyos sasedanipun Kyai Sidakaya, yitmanipun manggen wonten ing wit wringin. Krapyak wringin kapundhi dening anak – putunipun Kyai Nayadipa lan Kyai Sidakaya, kanthi caos sesaji:

1. Gedhang telon
2. Wedang telon
3. Kacang goreng
4. Kembang galihan lan kanthil
5. Gula batu lan teh.
6. Dawegan klapa ijem biasa.

Tumrap turunipun Kyai Nayadipa dipun tambahi sanggrung (ayam wadon diingkung nganggo gula)

sesajinipun punika yen gadhah damel.

LURAH – SESEPUH – KUNCI

Kados ingkang sampun kacariyosaken ing ngajeng, laladan trukah ngantos sawatawis lami dereng saged madeg dados dhusun ingkang gadhah pamarentahan lan lurah piyambak. Mila pinangka wakilipun Demang Adiraja kangge njagi tata tentrem laladan wau, Kyai Ditakerta lajeng kajunjung dados SESEPUH ingkang tinanggenah minituwani kan ngesuhi laladan trukahan ingkang taksih dados wewengkon Kademangan Adiraja.

Sabibaripun perang antawisipun Demang Adiraja lumawan Tumenggung Babakan, Kyai Danasari kadhawuhan dados lurah nanging mboten purun, awit saking rumaos sampun yuswa sepuh. Pramila ngajengaken keponakanipun ingkang nami Kyai Bansacandra.

Umuripun dhusun Kalikudi wiwit dados trukahan dumugi sapurika kirang langkung 250 tahun, dene wiwit madeg dados dhusun gadhah pamarentahan lan lurah piyambak kirang langkung sampun 200 tahun.

Sakonduripun Kyai Danasari kadhawuhan dados lurah boten purun, lajeng ngawontenaken sarasehan. Asiling sarasehan, inggih punika:

1. Kyai Bangsacandra, katetepaken dados Lurah dhusun Kalikudi ingkang sapisan, denen Lurah kawajibaken njagi tata tentreming dhusun alandhesan aturan pamarentah saha katindakaken kanthi sae (sakleresipun) kangge njagi katentreman kabantu dening Buyut Brajageni lan kangge nanggulangi parencangan ingkang kirang setiya mituhu kabantu dening Kyai Pangsadinaya, bapakipun Kyai Lurah.
2. Kyai Jayaguna, katetepaken dados KUNCI DHEPOK, ingkang tinanggenah ngrimat padhepokanipun CIKAL BAKAL lan SUMUR KETOS.
3. Kyai Ranantika, katetepaken dados KUNCI PASAMUWAN nggentosi Kyai Danasari ingkang suwau kanthi sebatan sesepuh. Kunci Pasamuwan kawajibaken mranta anak – putu nindakaken adat ingkang sampun katetepaken.

Ing dhusun Kalikudi wonten kalih griya Pasamuwan ingkang sami gadhah Kunci piyambak.

1. Pasamuwan Ler, dipun kunceni dening turunipun Kyai Kertapada putra saking CIKAL BAKAL ingkang anem.
2. Pasamuwan Kidul, dipun kunceni dening turunipun Kyai Purwagama putra saking CIKAL BAKAL ingkang sepuh.
4. Kyai Wangsadinangga, katetepaken ngopeni riwayat CIKAL BAKAL sampun ngantos kececeran lan nerasaken pangertosan ngantos dumugi ing tembe wingking.
5. R.M. Setrowadono, kaparingan kewajiban dados juru – petang (ngitung), ngetang lan netepaken dinten ingkan prayogi/sae kangge samukawis kabetahan, upaminipun: tanggal

tahun lan wulanipun, petang salaki – rabi lan sanesipun.

Ing ngandhap punika badhe kaaturaken lurah – lurah ingkang mbawahaken dhusun Kalikudi engga sapunika, miwah para Kunci Pasamuwan lan Kunci papan – papan ingkang kaanggep kramat lan suci.

LURAH LAN SESEPUH

Ing ngajeng sampun kapretelaken bilih saderengipun wonten lurah, ingkang kaparingan wewenang mranata laladan trukahanipun CIKAL BAKAL, kanthi sebatan SESEPUH. Sesepuh gadhah kewajiban mranata lampahing paprentahan lan tumindak ing adat, denen Lurah gadhah kewajiban mranata dhusun kangge ngawula dhumateng Nagari. Cacahing sesepuh lan lurah ngantos dinten samangke:

1. SESEPUH

- a. Kyai Ditakerta : CIKAL BAKAL
- b. Kyai Kertapada : Kunci Pasamuwan kapisan
- c. Kyai Danasari : Kunci Pasamuwan kaping kalih.

2. LURAH

- a. Bangsacandra : th. - th.
- b. R. Astrawedana : th. - th.
- c. Ranawecana 1 : th. - th.
- d. Ketadiwirya : th. 1882 - th. 1899
- e. Arsadikarta Ranawecana 2 : th. 1899 - th. 1916
- f. Wangsadiwirya : th. 1916 - th. 1944
- g. Harjodiwongso : th. 1944 - th. 1965
- h. Diran : th. 1965 - th. 1966
- i. Sidas Hadiwijoyo . Alias : th. 1966 - th.
- H. Smathohir Shubkhi
- j. Ngadiyo Hadi
- k. Narwan
- l. Slamet R.

KUNCI

- a. Pasemuan Ler (Keturunan Kyai Kertapada)
 1. Kyai Kertapada
 2. Kyai Danasari
 3. Kyai Ranantika
 4. Kyai Jayabangsa
 5. Kyai Ketandana
 6. Kyai Tirtajaya
 7. Kyai Prayawecana
 8. Kyai Arsapada
 9. Kyai Astrapada
 10. Kyai Asmapada
- b. Kunci Pasemuan Kidu (keturunan Kyai Purwagama)
 1. Kyai Purwagama
 2. Kyai Bangsadinangga
 3. Kyai Bangsasari
 4. Kyai Bangsapraya
 5. Kyai Wangsandana
 6. Kyai Karyapada I.
 7. Kyai Rasapada
 8. Kyai Wiryajaya
 9. Kyai Karyapada II.
 10. Kyai Ketapada
 11. Kyai Setrapada
 12. Kyai Asamapada
 13. Kyai Candra Karya
- c. Kunci Dhepok – Sumur Ketos
 1. Kyai Jayaguna

2. Kyai Sadinangga
 3. Kyai Bangsadiwirya
 4. Kyai Kayasa
 5. Kyai Kriyabangsa
 6. Kyai Dipareja
 7. Kyai Bangsadinangga
 8. Kyai Wiryajaya
 9. Kyai Natasentika
 10. Kyai Kartosuwarno
 11. Kyai Candrapada
- d. Kunci Kedhawung (krapyak: Kedhawung Semingkir)
1. Kyai Wanadiwangsa
 2. Kyai Wanakrama
 3. Kyai Wanawijaya Sanrawi
 4. Kyai Wanawikarta
 5. Kyai Sunardi
- e. Kunci Krapyak Asem ing Peturusan
1. Kyai Kertasemita
 2. Kyai Kramasemita
 3. Kyai Partadiwirya
 4. Kyai Mulyarejo
 5. Kyai Asmawecana
- f. Kunci Krapyak Kendhel ing Ketanggung, Pejaten
1. Kyai Trunapati
 2. Kyai Kretawijaya
 3. Kyai Karyadiwangsa
 4. Kyai Lamiharja
 5. Kyai Wisadiwirya

6. Kyai Yasa B.
- g. Kunci Krapyak Wringin ing Klapagading
 1. Kyai Naydipa
 2. Kyai Muryamamad
 3. Kyai Kramadimeja
 4. Kyai Wiryantama

NAMINIPUN DHUSUN

Trukahan kasil karyanipun Cikal Bakal dipun paringin nami Kalikudi punika boten adhapur kaleresan. Nanging nami punika ugi mawa riwayat, ingkang lajen kadhawuhan dhaten putra wayah, bilih ing tembe trukahan punika saged dados dhusun supados dipun nameni KALIKUDI.

Menggah riwayatipun, nalika Cikal Bakal nindakaken babad wana naggango KUDI CENGGARANG, lan supados saged gampil anggenipun babad wana mawi AKAL, inggih dipun AKALI. Dados tembung KALI asal saking tembung A – KALI kapendhet saperangan, inggih punika KALI lajeng kawuwuhan saperangan naminipun pusa KUDI – CENGGARANG kependet KUDI – nipun. Menawi kagethukaken dados KALIKUDI.

PENUTUP

Pangimpun mbudidaya sakiatipun kangge mangertosi riwayat dadosipun dhusun Kalikudi. Ewasamanten bilih taksih wonten kithaling riwayat ingkang boten kaemoting buku cathetan punika, sayekten saking boten mangertosipun pangimpun. Awit pangertosan ingkang wonten ing Pangimpun naming mligi saking cariyos lan dedonganipun para sesepuh lan pinisepuh ing dhusun Kalikudi. Pangimpun sampun tumidak galeres – leresipun lan sajejeg – jejegipun (obyektif).

Pramila pangimpun ugi taksih angajeng – ajeng panyaruwe saking sintena kemawon, amrih kasampurnanipun buku cathetan dadosipun dhusun Kalikudi.

Dipun serat 18 Oktober 1982 (1 Sura 1915), matur sanget dhumateng panghimpun lan tim redaksi ingkang sampun serataken cikal bakalipun dhusun Kalikudi. Saklajengipun kawula ingkang sampun ngetikaken malih, nanging mboten saestu, sumangga kersa nampi samudra pangaksami dening kawula lan pengimpun. Matur suwun.